

BAGAY POU SONJE NAN ZAFÈ KIMOTERAPI

Rele kabinè medikal la nan: _____ Doktè ou se: _____

Si ou santi doulè nan pwatrin ou, si ou kòmanse gen souf kout oswa souf kout ou a vin pi mal, oswa si w ap senyen san rete, ale nan sal dijans oswa rele 911 touswit.

Pou kèlkeswa nan pwoblèm sa yo, rele kabinè medikal la anvan ou ale nan sal dijans la. Tanpri rele kabinè medikal la lepli bonè posib nan jounen an pou nou ka gen tan pwograme yon evalyasyon nan menm jou a.

- Lafyèw omwen 100.4F
- Wouj, anfleman oswa ekoulman bò blesi sou po yo oswa kote sewòm nan te antre a
- W ap swe, w ap tranble oswa ou gen frison
- Li difisil pou pipi oswa pipi a boule oswa pipi a parèt fonsè oswa twoub
- Yon doulè ki fèk parèt oswa k ap vin pi mal
- Kè plen oswa vomisman, oswa apre dyare twa fwa

Kijan pou jere sentòm kè plen yo ak kenbe apeti ou

- Pran ti kantite manje souvan, olye de gwo repa.
- Bwè nan mitan de (2) repa olye de ansanm avèk repa yo.
- Chwazi manje ki atire ou, epi pa pran manje ki fè ou santi w malad.
- Pran manje yo nan tanperati pyès la oswa pi frèt toujou; manje cho gen yon sant pi fò ki ka bay kè plen.
- Pandan w ap manje, chita dwat epi rete chita dwat.
- Evite lè, manje, sant oswa evènman ki ba ou kè plen. Kenbe kizin yo ak kote pou manje yo byen ayere si sant manje yo ba ou kè plen.
- Souse sirèt ki santi bon, tankou sirèt sitwon oswa mant. Pa manje sirèt si, si ou gen ilsè nan bouch ou.
- Lè ou rense bouch ou sa ka wete move gou epi ede redui kè plen an.

Sentòm dyare

- Sispann pran medikaman pou ramoli sèl yo si w ap pran yo.
- Evite pwodui a baz lèt, manje pike, alkòl, kafeyin, manje ki gen anpil fib ak manje ki gen anpil grès.
- Bwè anpil likid klè (dlo, Gatorade, ji pòm). Li gen dwa itil pou w pran likid klè sèlman pandan 12–24 èdtan, oswa jiskaske dyare a sispann, epi apre sa piti piti ajoute soup klè, pen, oswa bonbon sale.
- Yon rejim fig-bannann, diri, sòs pòm, ak pen griye (rejim BRAT) gen dwa redui kantite fwa w al alasèl. Pou gwo dyare (w al alasèl omwen 8 fwa pa jou), pran de (2) konprime Imodium® apre premye fwa w al alasèl la, apre sa yon konprime avèk kèlkeswa lòt sèl lach la, rive jiska uit konprime pa jou.
- Rele kabinè medikal la apre twazyèm fwa a epi ankò si dyare a pa ale nan 24 èdtan.

Sentòm ak prevansyon konstipasyon

- Bwè uit vè 8 ons fliyid pa jou.
- Si ou pa al alasèl pandan de (2) jou, kòmanse pran yon medikaman pou ramoli sèl (Senokot® oswa Colace®) — de grenn pa jou epi apre sa ogmante dòz la piti jiskaske w al alasèl chak 1–2 jou. Si sèl yo vin lach, sispann pran grenn yo jiskaske sèl yo vin pi fèm epi rekòmanse avèk yon dòz pi fèb.
- Pou anpeche konstipasyon, mete plis fib nan alimantasyon ou avèk fwi, legim, sereyal antye, pen ak sondeble. Fè espò nan mezi ou tolere li pou ogmante mouvman gastrik ou.



*Eskane pou
jwenn plis
enfòmasyon.*